**दिन—शुक्रवार** **दिनांक—24.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ जनौलनि अछि जे भारत रत्न कर्पूरी ठाकुर एक सुच्चा राजनेता आओर दूरदर्शी राजनीतिज्ञ छलाह। ओ जनौलनि जे कर्पूरी ठाकुर कतेको बढ़िया ढेग उठौलनि जाहि सँ बिहार समाजिक जागरूकताक नव युग मे आबि गेल। समस्तीपुरक कर्पूरी ग्राम मे आइ भारत रत्न कर्पूरी ठाकुरक एक सय एकम जयंती समारोह के संबोधित करैत उपराष्ट्रपति ई जनतब देलनि। उपराष्ट्रपति कर्पूरी ठाकुर के स्वच्छ आओर सरल राजनीतिक प्रचारक के रूप मे श्रद्धांजलि दैत जनौलनि जे हुनका जन नायकक रूप मे याद कयल जायत अछि। समारोह मे राज्यसभाक उपसभापति हरिवंश, रज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान आओर केन्द्रीय गृहराज्य मंत्री नित्यानंद राय सहित आनो—आन गणमान्य लोक सभ छलाह।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी भारत रत्न कर्पूर ठाकुर के हुनक जयंती पर श्रद्धाजंलि अर्पित कयलनि। श्री मोदी सोशल मीडिया पोस्ट पर जनौलनि जे हुनक जीवन आओर आदर्श देशक हरेक पीढ़ी के प्रेरित करैत रहत। एम्हर, पटनाक विधानमंडल परिसर मे आयोजित राजकिय समारोह मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जन नायक कर्पूरी ठाकुरक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। एहि मौका पर विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हाक संग—संग आनो—आन गणमान्य लोक सभ सेहो कर्पूरी ठाकुर के श्रद्धांजलि देलनि। एकर बाद देश रत्न मार्गक जन नायक कर्पूरी ठाकुर स्मृति संग्रहालय मे आयोजित समारोह मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आओर आनो—आन गणमान्य लोक सभ जन नायक के अपन श्रद्धाजंलि अर्पित कयलनि।

---

आइ राष्ट्रीय  बालिका दिवस मनाओल गेल आजुक दिन बालिका सभक अधिकार, शिक्षा स्वास्थ्य आओर सुरक्षा पर समाजक ध्यान देबाक उद्देश्य सँ मनाओल जायत अछि। एहि सँ हरेक बालिकाक सम्मान, हुनका आगू बढ़ायब आओर पढ़बाक समान अधिकार देबाक लेल प्रेरित करबाक अछि। महिला आओर बाल विकास मंत्रालय दिस सँ पहिल बेर दू हजार आठ मे राष्ट्रीय बालिका दिवस शुरू कयल गेल छल। आजुक दिनक उद्देश्य बाल विवाह, भ्रूण हत्या आओर लैंगिक असमानता जेहेन गंभीर मुद्दा दिस समाजक ध्यान आकर्षित करब अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी राष्ट्रीय बालिका दिवस पर शुभकामना देलनि अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी जनौलनि जे सरकार ई सुनिश्चित कऽ रहल अछि जे बालिका सभक संग कोनो भेद–भाव नहि कयल जाय। श्री मोदी बालिका सभ के सशक्त बनायब आओर हुनका सभ लेल व्यापक मौका देबाक सरकारक प्रतिबद्धता सेहो दोहरौलनि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार बालिका दिवसक शुभकामना दैत जनौलनि जे बेटी सभक स्वाभिमान आओर सशक्तिकरण लेल हुनक सरकार सदिखन काज कऽ रहल अछि।

———————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अगिला मास चौबीस फरवरी कऽ बिहारक एक दिवसीय दौरा पर अयताह। एहि बीच श्री मोदी भागलपुर मे किसान सभ सँ जुड़ल कतेको योजनाक लोकार्पण करताह। केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत ई जनतब देलनि।

———————————————————

आकाशवाणी आओर दूरदर्शन छब्बीस जनवरी कऽ कर्तव्य पथ सँ छिहत्तरम गणतंत्र दिवस परेडक लाईव कवरेज करत। एकर प्रसारण आकाशवाणी आओर दूरदर्शनक पूरा नेटवर्कक संग–संग ओ.टी.टी प्लेटफॉर्म वेव्स पर कयल जायत। कर्तव्य पथ पर तैयारीक समीक्षा करबाक लेल सूचना आओर प्रसारण सचिव संजय जाजू आइ लाईव कवरेज लेल आकाशवाणी आओर दूरदर्शन द्वारा कयल गेल तैयारी के देखलनि। श्री जाजू जनौलनि जे गणतंत्र दिवस परेडक प्रसारण करबाक लेल कैमरा आओर ऑप्टिकल फाइवर लाइन बिछाओल गेल अछि।

———————————————————

पटनाक मोकामाक पंचमहला थाना क्षेत्रक नौरंगा जलालपुर गाम मे भेल गोलीबारीक मामिला मे पूर्व विधायक अनंत कुमार सिंह के बेउर जेल पठा देल गेल अछि। पुलिस हुनका पर आर्म्स एक्ट सहित कतेको धारा मे केस दर्ज कयने छल। पूर्व विधायक के बाढ़ कोर्ट मे

आत्मसमर्पणक बाद अदालत हुनका चौदह दिनक न्यायिक हिरासत मे बेउर जेल पठा देलक अछि। एम्हर, पुलिस भेल गोलीबारी मामिला मे जलालपुरक कुख्यात सोनू आओर डुमराक रौशनी सिंह के सेहो गिरफ्तार कयलक अछि। पटनाक वरीय पुलिस अधीक्षक अवकाश कुमार जनौलनि जे आनो–आन आरोपीक गिरफ्तारी लेल छापा मारल जा रहल अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे उत्तर–पछिया हवा चलला सँ ठंढ़ा बढ़ि रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार आइ सहरसाक अगवानपुर मे सभ सँ कम न्यूनतम तापमान नओ दशमलव एक डिग्री सेल्सियस रहल। ओतहि, पंद्रह सँ बेसी जिला मे न्यूनतम तापमान बारह डिग्री सेल्सियस सँ कम रहल। मौसम विभागक अनुसार काल्हि राज्यक मधुबनी, दरभंगा, समस्तीपुर, नवादा आओर लखीसराय जिला मे किछु ठाम घनगर कुहेस छओल रहि सकैत अछि।

———————————————————————————

समाप्त